МБОУ «СОШ с.Симсир им.Т.Д.Эрсанбиева».
Республиканский месячник школьных библиотек.

Библиотечный урок по роману А.Айдамирова

# «Молния в горах»

**с.Симсир.**

**Библиотечный урок** по роману А.Айдамирова **«Лаьмнашкахь ткъес»**
с уч-ся 10 - 11 класса.

**Урокан коьрта 1алашо:** Дешархошна А.Айдамировн творчествох лаьцна кхетам балар.

«Лаьмнашкахь ткъес» - романа т1ера коьрта турпалхо 1аьлбаг – Хьаьжа Олдамов, вайн юьртахо хилар а, цуьнан г1аттаман маьъна дешархошна довзийтар.

**Пригл. гости.**

**Тема: «Лаьмнашкахь тъес».** А.Айдамировн книгица урок.

**1алашо**: Дешархошна А.Айдамировн творчествох лаьцна кхетам балар.
«Лаьмнашкахь ткъес»-романна т1ера коьрта турпалхо 1аьлбаг – Хьажа Олдамов , вайн юьртахо хилар а , цуьнан г1аттаман маьъна дешархошна довзийтар.

**Кечам:** А.Айдамировн ерриге сочиненин гулам.

## Урок д1аяхьаран план:

1. А.Айдамиров-яздархочух лаьцна вист хилар.(дешархо).
2. Х1Х-чу б1ешаран йоцца характеристика: (*Альвиев А.А.*)

а). Кавказски т1ом 1817-1859гг. (Письмо Н.Г.Чернышевского к родным.)

б). Мухаджирство в Чечне. 1865шо.28 апрель-паччахьан хьадалчаша 1ехийна нохчийн 5000 доьзал Туркойн махка д1акхалха реза хилла. (Цара лайна халонаш).

в). Вайн махкахь х1оьттина хьала хьалл.

г). Русско-турецки т1ом.(12-г1а апрель 1877-1878шо).

## 1аьлбага-Хьажа коьртехь волуш 13-г1а апрелехь 1877-78 шарахь Ноьхчийчохь хилла къехойн г1аттам:

1.Дуьххьар цхьанакхетар.(*дешархо*).

2.1аьлбаг-Хьаьжица Симсарахь цхьанакхетар. (*дешархо*).

3.Т1ерга-Дукъа к1ел цхьанакхетар.(*дешархо*).

а). Дуй баар.(*дешархо*).

б).Имам харжар.(*дешархо*).

4. Хьалхара толам.(*дешархо*).

5.Симсара йохаяр. (*дешархо*)

6.Дуьйран к1ел , 1аьлбаг-Хьажин Нохчийн-чохь , хилла т1аьххьара т1ом.(*дешархо*)

7. 1аьлбиг-Хьаьжаг1ар Дег1астанарчу г1аттамехь дакъа лаца бахар. (дешархо)

8.Кхел. (*дешархо*).

9.1албаг-Хьажин г1аттамах лаьцна дош. (*Альвиев А.А.*)

Зав.библ. Альвиев Ж.

**Абузар Айдамиров.**

29 октябрехь 1933-чу шарахь, вайн районерчу Мескатa олучу юьртахь вина Абузар Айдамиров. 1аьларойн Мескатахь д1аяхара Абузаран жималла а 1аламатех юьзначу дерачу хьаннаша оьздачу адамаша а 1амийра хинволу яздархо. Махкана, халкъана пайде хила а, Дег1аста а, цул т1аьхьа дерриг дуьне деза а 1амийра эзарнаш шерашкахь луьттуш - ц1андина, дагош дахчийна, таханналц лардина схьадахьачу вайнехан г1иллакхаша . Шех Абузарна ловзар дина лаьттачу Яьссино 1амийра ша сана маршо езаш а, коьмаьрша хила а, нехан дуьхьа вахар ирс хета а.

Моссо а къаьмнийн бу яздархой – хьехамчаш , къонахий, къаной, дешан ох1ланаш, са ц1ена нах. Церан ниц1къ кхочу шеен къоман лазамах кхечу къмнийн дог лазайта, диканах кхин къаьмнаш даккхийдейта. Цара шаш бинчу кхоллараллин балхаца, къахьегарца, хьанал хиларца бакъо йоккху бакъдерг ала, мел къаьхьа иза делахь а. Ишттачарех вара Нохчийн халкъан яздархо Адамиров Абузар.

Абузаран ерриг а кхоллаpалла доккхачу маь1не хазна ю нохчийн литературехь. Шен заманахь дерриг а нохчийн халкъан иэсана боккха беркате т1е1ат1къам бина йолу цуьнан произведенеш, х1окхул т1аьхьа а шайн мехалла яйна хир яц.

Абузара дукха яздина дийцарш, повесташ, амма цунна дагахь дара к1орггера талланза дисначу нохчийн халкъах дерг язда.

1972 шарахь араелира трилогин «Еха буьйсанаш» ц1е йолу хьалхара книжка. Критикаша а ешархоша дика т1еийцира и роман. «Суна хетарехь, и санна чолхе кхоллам болуш кхин цхьа а произведени хилла яц вайн литературехь. Араяьлча киншкашъешархоша а, критикша а дика т1еэцна, т1аьхьо, ц1е яккха а ца магош, зуламе ю аьлла, кхайкайра иза. Амма и бахьанехь а дара роман еша лаам совбалар, цунах дийцар а ларар а» - шен статьяхь иштта боху яздархочо Минкаилов Эльбруса.

Трилогин шолгг1а киншка «Лаьмнашкахь ткъес», а яцара 1едалан идеологина жоп луш, цу т1е «шайн лаамехь Россин а нохчий юкъабахкаран концепцица» а цхьаьна ца йог1ура. Цундела и араялар оцу заманахь хьехочохь а дацара. Нохчийн къоман шен истори йовза лаам кхоллараллехь уггар боккха т1е1ат1къам бина произведенеш ю уьш нохчийн литературехь.

Айдамиров Абузаран турпалхолахь угар хьалха ц1е йоккхуш вверг ву Аьрзу.

Бойсаг1ар, 1аьлбиг – Хьаьжа, Зеламха, кхиберш а боккъалла дахарехь хилла болу турпалхой белахь – Аьрзу автора шеггара кхоллина васт ду. Амма цуьнан ниц1къ кхаьчна, нохчийн халкъо сийлахь мел лерина долу г1иллакхаш, амалш оцу цхьаьна турпалхочуьнгахь гайта. И романаш еша цамагийча Абузара д1аболийра «Ирхеш» роман т1ехь болх. Роман-м елира ара. Иза Абузарна дагахь а доцуш нисделира. 1989-чу шарахь араелира роман «Лаьмнашкхь тъес». Амма х1инца кхин хьал дара махкахь, шеен чолхаллашца, беккъа ц1ена политикаш бен кхеташ боцчу къийсамашца. К1орггера чалацам болуш а, халкъан яздархочо махкахь х1оьттина хьелашна жоп луш а яра цо оцу хенахь мел язйина х1ума, интерьюш.

Абузар вацара «дехь» я «сехь» а. Цо ца къастабо нохчий, «оппозици» я «позици» а бохуш, х1унда аьлча, уьш берриш а цо шеен лору, уьш нохчий болу дела-галбевлларш, 1ехабелларш цуьнан лазам бу, амма и х1етте а сих ца ло царна кхел ян, уьш д1ататта…» .

Абузара яздо, 1994-1994 шерашкахь нохчашкара оьшург - барт хилар , хьаькамашкара, политикашкара – лаккхара оьдангалла, къонахчун собар, к1орггера хьекъал, къинхетаме хилар, бакъонна т1етовжар, куьган ц1аналла, кханенан ойла яр.

Халахеташ делахь а, вай ц1ераш яьхначу мехаллех цхьа а кхачам боллуш яцара вайгахь. Оцу халчу муьрехь шен къомаца Абузар, къомо ловриг ловш. «Со цхьаьнхьа а г1ур вац. Лахь ц1ахь лер со, сайн нахана ю ккъехь», - элира цо цхьаьна къамелехь.

2005-чу шеран май беттан 27-чу дийнахь, 1уьранна 6 сахьт даьлча кхелхира Айдамиров Абузар – г1ар ваьлла волу яздархо… оьзда къонаха… бакъ бусулба, шен къоман а, ерриге Кавказан бакъ волу во1.

Мескатахь х1оьттира мехка тезет. Айдамиран 1абдул-Хьаькаман к1ант Абузар верзош нохчийн къам.

Зав. библ. Альвиев Ж.А.